

Bay tibebe ki fèt anvan lè tete nan lopital la Epi Lakay

Tibebe ki fèt byen anvan lè rete nan departman swen entansif neyonatal. Pandan yo la y ap aprann kijan pou pran tete, epi y ap kontinye aprann menm apre yo ale lakay yo.

Kilè m kapab kòmanse bay tibebe m lan tete nan lòpital la ?

- Ou kapab kòmanse bay tibebe w la tete depi nan lè ou mete tibebe w la po sou po w. Tibebe w la ap alèz epi l ap ede w pwodwi pi plis lèt. Pou kòmanse, tibebe a ap senpleman gen ase fòs pou l bwè yon ti kal lèt. L ap pran rès lèt tete w la apre nan bibwon oubyen nan yon sonn pou manje.
- Nan semèn 34-36, pifò tibebe yo gen ase fòs pou yo pran tete pi plis. Tibebe bezwen èd pou yo respire pandan yo nan lopital la kifè li kapab pran plis tan pou yo pran tete.
- Doktè ak enfimye k ap swiv tibebe w la kapab di w kilè tibebe w la pare pou l rekòmanse pran tete.



Kijan pou m bay tibebe m la tete nan lòpital la ?

- Aprann kijan pou w bay tibebe w la tete se yon bagay ki di. Pou kòmanse, tibebe w la gendwa senpleman pran tete 1-2 fwa pa jou. Kontinye eseye. Tibebe w la ap kapab pran tete pi plis avèk letan.
- Pandan tibebe w la ap tete, li gendwa pran ti brek pandan l ap kòmanse aprann kijan pou l pran tete.
- Lè tibebe w la ap aprann kijan pou l pran tete yon pwoteksyon bouton tete kapab fè sa pi fasil pou li. Pwoteksyon bouton tete kapab sèvi nan lopital la epi pou premye detwa semèn apre tibebe a ale lakay.
- Sonje pou w kontinye eseye sèvi ak yon ponp tete epi fè swen po-sou-po lè tibebe w la ap aprann kijan pou l pran tete pou w sa kontinye pwodwi ase lèt.

Fòtifyan siplemantè :

- Lè tibebe ki fèt anvan lè nan lopital la epi menm apre li ale lakay li, li gendwa bezwen fòtifyan siplemantè nan bidwon oubyen lèt tete w pou sa ede tibebe w la grandi.
- Pandan tibebe w la ap grandi epi gen pi anganm, l ap bezwen pran plis fòtifyan.
- Ou kapab mande doktè k ap swiv tibebe w la pou konbyen tan pou w ba l fòtifyan nan lèt tete w.



Kijan pou bay tibebe w la tete lè n lakay nou :

- Lè tibebe w la ale lakay li, bay tibebe w la tete menm jan ak lè li te nan lopital la. Pale avèk doktè k ap swiv tibebe w la sou kilè pou chanje woutin bay tete w la.
- Si w vle, pandan tibebe w la ap grandi ou kapab kòmanse bay tibebe w la pi pis epi ponpe lèt ou epi bay mwens bibwon.
- Pale ak yon konsèy laktasyon (se maton ki resevwa fòmasyon espesyal pou ede w bay tete) sou nenpòt kesyon ou gen sou kijan pou bay tete.